

Iraporo zandikiwe abanyeshuri bo mu mashuri y'intango n'amashuri yisumbuye

Ivyafatiweko mu kwandika izo raporo

Nk'umuvyeyi /uwitwararika umwana/umurezi uzokwama uronka raporo zibiri zanditswe buri mwaka. Ayo maraporo / ivyo vyegeranyo vyanditswe bizogufasha gutahura ingene umwana wawe atera imbere mu mashuri n'ingene amashuri ashigikira umwana wawe kugira ngo atere aja imbere.

Ivyo abigisha bategura, bigisha, ingene basuzuma, babaza ibibazo, n'ingene bagira ivyegeranyo vy'ukugene abana biga bakoresheje [Australian Curriculum](#). Umwidondoro w' Ivyigwa vyo muri Australia werekana ivyo abanyeshuri bose bategerezwa kwigishwa , hamwe n'ivyo bakwiriye kumenya ; n'ivyo bakwiriye kuba bashobora gukora uko babandanya amashuri yabo.

Igisata cose mu vyo biga kirafise ico gitegekanya ko bakwiye kuba bashitseko. Ivyo ivy'ivyo vyirwa bishaka gushikako birasiguwe neza mu rurimi rwumvikana ari vyo abanyeshuri bategerezwa kuba bazi, batahura, kandi bashoboye gukora , ku mpera y'umwaka w'ivyirwa wose.

Urahimirijwe gusoma ivyo twipfusa gushikako ku cirwa ico ari co cose kandi ku mwaka wose kandi n'igihe abanyeshuri bitegwa ko boba babishitseko ku buhinga ngurukanabumenyi ubu bukurikira bwa Australia:

www.australiancurriculum.edu.au. Ubwo buhinga ngurukanabumenyi burimwo vyongeye uburorero bwiza bw'ivyo abanyeshuri bashitseko ku nzego zinyuranye.

Ibisabwa ni ibihe ku ma raporo/ivyegeranyo vy'abanyeshuri?

Ivyegeranyo/ raporo zanditswe ni inzira imwe gusa amashuri ahanhana amakuru na mwebwe abavyeyi yerekeye ukugene umwana wanyu ariko arabandanya kw'ishuri.

Amashuri yose yo muri Australia yepfo yama aha ivyegeranyo, raporo zibiri zanditswe abavyeyi n'abarezi uko umwaka utashe yuko:

- Amanota mu vyigwa vyose umwana yize
- Afatiye ku rugero yagezeko ku nzego zitanu
- Gukoresha ururimi rwumvikana
- Ivyigwa umwana afisemwo ubumenyi bwinshi n'ivyo ajegajegamwo.

Guhera ku mwaka wa 1-10 ivyegeranyo vy'umunyeshuri bihera ku ruero ruva kuri A-E, bishigikiwe n'ivyo ibi bisigura bivanye n'ukugene batera baja imbere dufatiye ku rwego bategerezwa kuba bashitseko.

Ivyegeranyo abanyeshuri baronka bikoresha amajambo yerekana ingene abanyeshuri bateye imbere mu mwaka wose baciyemwo bifatiye ku vyo bari bitezweko.

Abigisha batanga amanoto gute?

Abigisha bakoresha uburyo bwinshi bunyuranye bwo gusuzuma hamwe n'ibibazo binyuranye kugira ngo begeranye ivyemezo vy'ivyo abanyeshuri bashitseko bafatiye ku vyo bari biteze ko boshikako mu rutonde rw'ivyigwa vyo muri Australia. Bafatiye kuri ivyo vyemezo, abigisha barasuzuma bakaraba amanota boha umunyeshuri bivanye n'ivyo yashitseko, hamwe n'ivyo ishuri ritegekanya. Abigisha ntibitegwako gutanga igiharuro ku manota yose mw'ishuri ryabo bigishamwo.

Ni ubundi buryo ubwahe bwo gutanga icegeranyo c'amanota amashuri atanga?

Amashuri avugana na we ku vyerekeye ukwiga kw'umwana wawe mu buryo bwinshi butandukanye harimwo no kuganira gagati y'umwigisha n'umuvyeyi. Urashobora gusaba ikiganiro umwigisha w'umwana wawe mu yindi myanya biciye mu kurondera umwigisha kugira ngo mwemezanye ku mwanya mwiza yoba kugira ngo muganire.

Amanota A-E asigura iki?

Amanota A–E canke ayandi majambo nkayo arakoreshwa n'abigisha kugira ngo batange icegeranyo c'ivy'abanyeshuri bashitseko bafatiye ku vyitezwe n'urutonde rw'ivyigwa rwa Australia. Ayo manota yerekana ibintu bitandukanye abanyeshuri bashitseko uhoreye ku bito ugashitsa ku manota yo hejuru cane.

Uru rutonde rukurikira rwerekana ayo manota mu majambo.

	<i>Dufatiye ku bisabwa k'umwana ashikako, umwana wawe ...</i>
A	Agaragaza ko <i>yashitse ku kintu kinini</i> dufatiye ku vyo asabwa muri uyu mwaka arimwo.
B	Agaragaza ko <i>yashitse ku bintu vyiza</i> dufatiye ku vyo baba bitezweko uwo mwaka.
C	Agaragaza ko <i>yashitseko gihagije</i> dufatiye ku vyo aba yitezweko ku rwego rw'uwo mwaka.
D	Agaragaza ko hari <i>bimwe mu vyo yashitseko</i> mu vyo yari yitezweko uyu mwaka.
E	Agaragaza ko <i>yashitse kuri bike</i> mu vyo yari yitezweko.

- Amanota 'A' yerekana ko umunyeshuri yagaragaje ubwenge budasanzwe no kumenya kudasanzwe mu cigwa canke mu kintu kanaka kandi ko ashobora gukoresha ubwo bumenyi mu bindi bihe bidasanzwe.
- Mu bisanzwe amanota 'C' agaragaza ko umunyeshuri ariko arashika ku vyo yitezweko mu kwiga kwiwe. Uku ni ugushika ku kintu kidasanzwe kubera yuko iyo shuri yaciriye ku manota yo hejuru kugira ngo umwana yitwe yuko yamenye.
- Amanota 'E'asigura yuko umunyeshuri atanguye gukora kugira ngo ashike ku rugero ishure yashinze.

Amanota ava kuri A-E hamwe n'ibindi bijanye n'ayo manota ni kimwe ku vyegeranyo bihabwa abavyeyi/ abitwaririka abana/ n'abarezi. Rapor/ icegeranyo gishobora gutanga inkuru ku vyerekeye:

- | | |
|--|---|
| <ul style="list-style-type: none"> • Aho inkomezi z'umunyeshuri zihagaze n'aho ategerezwa kugira akigoro kadasanzwe • ivyokorwa kugira ngo bamufashe atere aja imbere • inyifato no kwitanga mu kwiga | <ul style="list-style-type: none"> • Inkuru ku vyerekeye ingene yigenza mu kibano • Ukwifatanya n'abandi mu bikorwa na gahunda z'ishuri • kwama atonda kw'ishuri |
|--|---|

Ingingo zerekeye ibigize amaraporo n'ukugene bishikirizwa bitunganywa n'amashuri babanje kuja inama n'abagize ikibano c'iryu shuri.

Mbega none ivyegeranyo vy'amanota y'abanyeshuri bitegerezwa kuba vyubatswe gurtya A-E?

Uko umunyeshuri abandanya n'ivyo abanyeshuri bamwe bashitseko biregeranywa bigatangwa hisunzwe ivyo ishure yashizeho nk'urugero rwo gufatirako kugira ngo barabe ico umunyeshuri yashitseko. Ibi bishobora gushika mu nzego zose z'ivyo umunyeshuri yiga. Canke na ho ivyo bashitseko/ ivyegeranyo bishobora kwandikwa hisunzwe amahangiro y'umuntu umwe umwe ku nteguro y'ukwiga kwiwe. Amashure asabwa yuko yumvikana n'urutonde rw'ukwiga kw'umunyeshuri wese n'ukugene bazoshikiriza icegeranyo ku banyeshuri bamwe bamwe n'abavyeyi /ababitwararika/abarezi co kimwe n'umunyeshuri bibaye ngombwa hamwe n'abandi bahinga bajewe vyo kwigisha.

Ibi birashobora gushika ku banyeshuri bamwe bagendana ubumuga hamwe n'abanyeshuri ariho bagishika mu mashuri asanzwe ari aya Reta, asanzwe azwi. Abanyeshuri baba bahejeje kwiga lkingereza ikibiriraho kugira ngo bagitahure /abashasha binjiye muri uwo rutonde rwa (IELP/NAP) barashobora kudahabwa amanota yo mu buryo bwa A-E kugeza ku ku bice vy'umwaka bitandatu inyuma yuko bahejeje urwo rutonde. Abanyeshuri bo muri IELP/NAP baronka icegeranyo, raporo idondora ivyo bashitseko aho kuronka amanita ari muri ubu buryo bwa A-E.

